*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№39 (60559) * 2020 с. * 26 октябрь * 10 рабигIул аввал * 1442 с. * итни *

*райадминистрациялда*

## МАГIЛИБ ШКОЛАЛДА ЦIИЯБ ПИЩЕБЛОК





**Республикаялда унеб бугеб «I00 школа» проекталдаса пайдаги босун лъикIалан хIалтIаби гьаризе бажарана Хьаргаби районалъул школазда.**

ГIемерал капиталиял хIалтIаби гьаризе кколеб хIал букIаниги районалъул бюджеталда гьеб киналъего къваригIараб хIалалда сурсаталги рукIинчIо, кигIан бокьаниги гьабизе бажарулебги букIинчIо.

«I00 школа» проекталда гIахьаллъиялъул хIасилалда районалъул чанго школазда бажарана цIакъ хIажатал капиталиял хIалтIаби гьаризе.

Гьаб соналдаги ахиралде ракIарун руго МагIлиб школалда «I00 школа» проекталда рекъон пищеблокалда гьарулел ругел капиталиял хIалтIаби.

Проекталда рекъон гьениб хисана кинабго тIох, рорхизаруна къадал, гьабуна штукатурка, бетонал тIуна, ккуна кафель, хисана гордал ва нуцIби.

Проекталда тIадеги гьениб гьабизе буго рукъзал хинлъизабиялъул система ва цIигьабизе буго канализация.

**Сураттазда:**
Гьарулел ругел хIалтIаби.

## КЪВАТIАЛ КЪАЧIАЯЛЪУЛ ХIАЛТIАБИ

**КъватIал ва нухал берцинго ва пайда босизе санагIатаб къагIидаялъ къачIаялъе кIудияб квербакъи ккана Дагъистан Республикаялда унеб бугеб «Дир Дагъистан – Дир нухал», - абураб миллияб проекталъул.**

Нилъер районалдаги гьелдаса пайдаги босун къачIана чанго нухал ва къватIал. Гьединал хIалтIаби гьаруна Хьаргаби росулъги. Гьеб проекталдаса пайдаги босун гьарурал хIалтIабазде гIейгьабун чIечIого росдал нухазул фондалъул сурсаталги хIалтIизарун, Хьаргаби росулъ бетонги тIун къачIалеб буго цоги къватI, аптекалдасан байбихьун «Малыш» ясли – ахалде щвезегIан. Гьабулеб хIалтIуе цIакъ кIудияб кумек гьабулеб буго авалалъул гIадамазги.

Гьединал хIалтIаби жеги цоги – цоги къватIахъги гьаризе ракIалда бугин абуна росдал администрациялда. Росуги берцин гьабулел, гIадамазеги пайдаял хIалтIаби гьаризе къуват кьеги.






**Сураттазда:** КъватIахъе бетон тIолеб

**Б. АХIМАДОВ**

*к вашему сведению*

## ТРАНСПОРТНЫЙ НАЛОГ

**В России ежегодно транспортный налог в обязательном порядке должны выплачивать как физические, так и юридические лица, на которые зарегистрирован автомобиль. Основная методика расчета коэффициентов действует с 2003 г. и с тех пор практически не менялась. Размер пошлины зависит от мощности автомобиля, поэтому сумма для разных категорий могут существенно отличается.**




В 2020 году транспортный налог необходимо оплатить до 1 декабря. Сделать это можно после получения квитанции из налоговой инспекции. В ней указаны все необходимые данные и реквизиты. Чаще всего платежка приходит заблаговременно, чтобы у водителя было время выделить нужную сумму и определиться с вариантами оплаты. Для этого можно воспользоваться непосредственно сайтом ФНС.

Также оплату можно произвести на портале Госуслуг. Однако сделать это могут только зарегистрированные пользователи ЕСИА с учетной записью в статусе «Подтвержденная». Наконец, заплатить пошлину можно воспользовавшись терминалом любого банка. Однако в условиях пандемии COVID-19 автовладельцам все же пока стоит остановить свой выбор на онлайн-сервисах.

По закону платежное поручение поступает автовладельцу не позднее, чем за 30 дней до наступления даты оплаты. Если в эти сроки квитанция водителю не пришла, возможно, она была утеряна. В таком случае можно обратиться в налоговую службу с просьбой выслать дубликат извещения. Обычно на это уходит около месяца, поэтому в данном случае водитель рискует просрочить очередной платеж. Гораздо быстрее и удобнее воспользоваться личным кабинетом на сайте ФНС, где содержится вся информация о счетах и задолженностях, либо порталом Госуслуги.

В случае если водитель проигнорировал ежегодную оплату транспортного налога, ФНС в течение трех месяцев направит ему соответствующее требование. На это должнику отводится 8 дней с момента получения уведомления. Если этого не будет сделано, то налог, штраф и пени, которые начисляются с первого дня просрочки задолженности, будут взыскивать через суд в принудительном порядке. Скорее всего, необходимые средства будут списаны с банковской карты водителя, а если их не хватит, его счет может быть заблокирован.

Кроме этого, серьезные просрочки платежей могут обернуться запретом на выезд за границу и даже арестом недвижимости или автомобиля. Водителей, которые решили скрыть от ФНС факт владения машиной, также обяжут оплатить налог и прибавят к этой сумме 20%.

**Отделение ГИБДД МВД РФ по Гергебильскому району**

*Дин ва гІумру*

# ИМАМ ШАФИГІ ва гъесул мазгъаб

**Лъидаго лъалареб жо гуро цебегоялдаса нахъе жакъа къоялде щвезегІан Дагъистаналъул бусурбабаз хІалтІизабулеб мазгъаб имам ШафигІил букІин. Гьеб мазгъаб кьуричІого хІалтІизабуна 6 соналъ Маккаялда шарифлъун хІалтІарав ГІурадаса ИбрагьимхІажияс, тІолалго гІалимазул эменилан цІар щварав Къудукьа Мусалас. ТІолгодагъистаналъул гІалимзабазул муфти МухамадгІали ЧІухъияс ва гьел гурелги цогидалги гІалимзабаз.**

Муслим Бухарияс бицараб жинда Аллагьасул салам лъеяв аварагасул кьучІаб хІадисалда буго бищун лъикІал гІадамал дир гІасруялъул гІадамал руго, цинги гьелда хадусеб гІасруялъул руго, цинги гьелда хадусеб гІасруялъул руго абун. Аллагь разилъаяв имам ШафигІ гьал хириял гІасрабазда вукІарав чи вуго. Гьев гьавуна 150 абилеб соналъ. ГІабдулманафилъги салат – салам лъеяв аварагасулги гьесулги насаб жубала. АнцІго къоялда жаниб имам Маликил «МуфатІав» абураб хІадисазул ТІехь ракІалдасан лъана. 14 сон тІубалелъул Къуръан-хІадисалдаса фатва гьабизе имам Маликица изну кьуна. Гьесда цо нухалъ ргІараб жо кидаго кІочонароан. Цоги жо малъичІого Гьузайил тухумалъул назмабазул анцІазарго байт –рекІехъе лъалеб букІана гьесда. Рамазан моцІалъ лъабкъого нухалъ цІалулаан гьес Къуръан, гьебги какилъ. Сордо лъабидеги бикьун цо бутІаялъ кьижулаан, цо бутІаялъ гІелму хъвалаан, цо бутІаялъ гьес Аллагьасе тІагІат гьабулаан.

Имам АхІмадица гьесие кІикъого соналъ щибаб какда хадуб лъикІаб дугІа гьабуна. Гьесда жиндирго васас гьикъана: «Я дир эмен, гьедигІан дуца дугІадулъ рехсезе щив чи вукІарав имам ШафигІ абун? Гьес абуна имам ШафигІ вукІанила диналъе бакълъунги, тІолго халкъалъе дарулъунги абун. Абу ЗаргІатица абуна: имам ШафигІ гІадав исламияб агьлуялъе цІоб щварав чи цоги вахъинчІилан. 16 сон баралдаса хадув гІорцІизегІан кваначІо гьев гІелму-ГІибадаталъе черх бакІлъиялда хІинкъун. Цо асаралдаги бачІана дир умматалда жанив къурайшияб тухумалъул цо гІалимчи вахъине вуго тІолго ракьул гьумер гІелмудул цІезабун бажарулев абун. Гьеб асар имам ШафигІил хІакъалъулъ бачІараб бугилан абула исламалъул машгьурал гІалимзабаз. Гьесул сахаватлъиялъеги гІуркъи букІинчІо. МухІамад бину ХІасан абулев ханас Маккаялде унаго гьесие кьуна азарго динар. Маккаялъул къватІисеб рахъалда чадирги

чІван вачІа-вачІарав чиясе гьебги бикьун щибго жо кодобги течІого лъугьана гьев шагьаралле. Гьев хванилан хабар ргІараб мехалъ Суфян бину ГІуайнатица абуна жиндир заманалъул бищун хирияв чи хванилан. Гьесул хІакъалъулъ машгьурал гІалимзабаз гІемерал тІахьал хъвана. Гьездасан ккола: «Фахру Ррази», «Байгьакъи», «Сурхаси», «Насул макъдиси», «Яхъя сажи», «Ибну хІакман», «ГІали загьири», «КъатІан

ТІагьирул Бакьдади», «ГІабдурахІман бину хІатин», «АбхІасан рази», «Абу-бакар АлхатІиб», «Ибну макъари» ва гьел гурел цогидалги.

Цо-цо къосараб халкъалъ суал кьола нуж имам ШафигІиясдайищ ялъуни аварагасдайищ нахъ рилълъунел абун?

Гьелъие жаваб буго гьадинаб; «Нилъ Къуръан-хІадисалдаса имам ШафигІияс босараб хІукмуялда нахъ рилълъуна. Щай абуни имам ШафигІ вукІана Къуръан -хІадисалъул мурадалде гІадамал цІалев чи.» Гьанже хал гьабизин ШафигІиясда нахъ рилълъаралищ яги рилълъинчІелищ ритІарал ругелали.

Рехсезин цодагьалго шаргІиял хІужаби.

Имам ШафигІ ккола аварагас лъикІабилан кьимат кьураб гІасрабазулъ вукІарав чи.

Имам ШафигІил мазгьаб хІакъаб букІиналда тІолабго уммат тІад рекъана. ХІакъаб жоялда тІад гурони дир уммат рекъоларилан салат-салам лъеяв аварагасул кьучІаб хІадисги буго.

Имам ШафигІил Къуръан - хІадисалда хІукмаби рахъизе истигьадалъе гІураб гьунар букІана. Гьеби гьечІого хІукмаби рахъулев чиясул мисал релълъуна тохтурлъиялъул профессорас гурони гьабун бажарулареб хІалтІи фельдшер гьабизе лъугьиналда.

Байгьакъияс бицараб кьучІаб хІадисалда буго: **«ТІадегІанав Аллагьас щибаб гІасруялда ислам чІаго гьабулев, гІелму цебетІезабулев чи вахъинавулилан».** КІиабилеб гІасруялда гьединав чи имам ШафигІ вахъанилан абураб жоялда тІад киналго бусурбабиги рекъана.

Диналъул вацал ва яцал, нужехъ ракІ унтун гьабулеб насихІат буго. ШафигІил мазгьабалда ругел «Бустан» «Уммул» «Баян» «Как базе ругьунлъе», гІадинал тІахьал цІале. Аллагь разилъаяв имам ШафигІил баракат нильее киназего щваги, гьесул мазгьаб ккезе Аллагьас нильее тавпикъги кьеги.

**КъурамухІамадхІажи РАМАЗАНОВ**

*КІалзул асарал - халкъалъул хазина.*

Сардилъ Шайихил МухІумида ргІулеб букІун буго гІадамазул ахІи-хІурги, риха-хочарал гьаркьалги. МухІумил нуцІидаги кІутІун, цояс абун буго:



- Мун щай тІаде вахъунарев? Дур мадугьал Къади чІван вуго!

НуцІида кІутІарасе Шайихил МухІумаца жаваб кьун буго

Къади чІвалароан, къасе бетІер къаданижоялда лъун букІарабани - ян.

ЧІужуялъ карщ гьабун буго ва росасда гьикъун буго карщ лъикІаб бугищилан.

- Карщни лъикІаб буго-ан, - ян абун буго росас, - чи гІемер гьечІевани.

- Мунги дунги гурони, анив батІияв чи гьечІо гури! - ян пашманлъун хутІараб мехалъ, къарумав росас гьелда абун буго:

- Гьедин гуроха дие къваригІун букІараб, хьагги дунги ркІине - ян.

Сапаралдаса юссиналде цо гІаданалъул рос хун вуго. Хвел букъиналде тІаде щварай гьелда гьикъун буго, рос вихьизе бокьани, мусрал ричилищилан. Гьелъ жаваб кьун буго:

- Дида вихьун вукІанила, вукІахъе тейилан.



# Авар кицаби ва абиял

АбизегІан ргІи - дур лагъ, абун хадуб – мун гьелъул лагъ.

Абилелде пикру цин ботІрониб свеизабейила.

АбичІого тараб ргІи – хазина.

Абураб берцинлъаги, бицараб гьуинлъаги.

Абураб бичІчІуларев, бицараб босуларев.

Абураб - гІарац, абичІого тараб - месед.

Абураб нахъ буссунареб, хъвараб бацІцІунареб.

Абураб берцинай, бицараб гьуинай.

Абурабги гьабурабги берцин бихьаги.

Абурай яс – чияр яс.

Аваданлъи гьечІеб гІумру – чІагого жужахІ.

Аваданлъиялъ гІумру халат гьабулеб, щцидаца къокъ гьабулеб.

Авал гьечІеб ахирги букІунареб, ахир гьечІеб авалги букІунареб.

Агъаз гьечІес черх чІвалеб, чехь квешас рукъ чІвалеб.

Агьлулъун гьечІев чи бетІерлъунги тоге, гьунар гьечІеб чу рекІун, чабхъадги унге.

Адаб буголъи - тарбия буголъи.

Адаб гьечІесул адабги кколе, жаниб лъоларесда ргІиги бицунге.

Адабазул эбел – калам дагьлъийила, хьулазул эбел – сабруйила.

Азаргояс гьабураб цояс биххулеб.

Азарго лъимер бугониги, цоябги хвезе бокьулареб; цохІо бугеб лъимер хвараб мехалъ гІадин, бакьулъа мугъги бекулареб.

Азарида гьоркьоб цо нухалъниги гІакъилги мекъи кколевила.

Алжан улбузул хІатІазда гьоркьила букІунеб.

Алжаналъе кІул какила, какие кІул ракІбацІалъийила.

Алжаналъув таниги, къадарав чияс къадараб гІамал толареб.

Алжаналъул гьури лъимадул хІухьел.

Аллагь вокьулесе гІадамалги рокьула.

Аллагь ккурав Аллагьасги ккола.

Аллагь кІалалъухъ гуревила гІенеккулев, ракІалъухъила.

Аллагьас хъвараб гурони, чиясда бихьуларебила.

Аллагьасда цере киналго ращадал, гІадамазда цере киналго батІиял.

Аллагьасе вокьаравгІан лагъасе дунялалъул къварилъи цІикІкІунебила.

Аллагьасул хІукму гьечІого, гьотІодаса тІамахги бортулареб.

Аллагьасул цІаралдасан гьедун, гьериси бицарал жужахІалъуре рехулелила.

Анив кІодо гьавурав доваги кІодо гьавула.

Анищазул хур бекьун, мискин бечелъуларев.

Анищал – чиясул, хІукму – Аллагьасул.

Анкьо вас вугев инсудаса бечедав чи гьечІевила.

Араб къо буссунареб, къокъав халалъуларев.

Араб те, щвараб кквe.

Аралъул бицунге, бугелъул бице, рукІаразул бицунге, ругезул бице.

Ах кваниги, цого хІакъ, кІолкІона кваниги, цого хІакъ.

Ах сайгъат гьабурав инсуе васас цІолбол кІолкІона кьечІебила.

Ахикье гІемерав а, гьдуласухъе дагьав а.

Ахир лъикІаб ккаги.

АхІани, гьоболлъухъ тушманги вачІуна; гьудул ахІичІониги вачІине ккола.

АхІараб бакІалде инчІони, я барщунилан кколеб, я хІинкъунилан кколеб.

АхІихІур гІемералъуб хІасил лъикІаб кколаро.

АхІичІеб бакІалде гьоболлухъги унге, дуда малъичІеб хІалтІиги гьабуге.

*спорт*

# ГЬАДИНАЛ ХIАСИЛАЗДАСА ЧIУХIУЛА ДАГЪИСТАН



**2020 соналъул эркенаб гугариялъул Россиялъул чемпионат цересел соназдаго гIадин хIалуцараб, цоял къун, цогидал бергьун унеб букIана. Киназдаго лъараб букIана гьенир чемпионал рахъаразе гIатIидаб нух рагьулеб букIин дуниялалъул чемпионатазде, цIар рагIарал къецазде.**

Щивав спортсменаз яхI бахъулеб букIана ахирисеб рухI-махщел кьун рекIелаб анищ бергьенлъи босизе. Лъабго къоялъ халат бахъана къецал, спорт буго спорт къваралги ва бергьаралги рукIунел. Россиялъул чемпионат лъугIана. ХIасилал данде росана. Дагъистаналъул гугарухъабаз гьел къецазда рихьизаруна кидаго цере рихьизаричIел тIадегIанал бергьенлъиялъул хIасилал. Микьго цIайиялда дагъистаниял мустахIикълъана меседил медалазе, 5 гIарцул, 8 мазгарул медалал щвана . ГIицIго кIиго медаль меседил щвана, нилъее кидаго къец балел осетиялъул командаялъе.

Дагъистаналъул гугарухъаби чемпионал рахъана ГIабдурашид СагIадулаев, ГIалихан ЖабрагIилов, Даурена Куруглаев, АхIмад ГIусманов, Розамбек Жамалов, ХIажимурад Рашидов, ГIабасхIажи МухIамадов , Заур Угуев. Гьезда гьоркьов вукIине къеркьарав ва рехсечIого гIоларо I25 кг. цIайиялда цеве вахъун тIадегIанаб даражаялъул гугари бихьизабурав Хъвартихьуниб росулъа Шамиль Шариповасулги. Исана босараб кIиабилеб бакI лъикIаб хIасил кколин гIолиласул, - ян хъвалеб буго спорталъул бицунел ва хъвалел коментатораз.

**Сураталда:** Дагъистаналъул Россиялъул чемпионаталда гIахьаллъарал гугарухъабазул, тренеразул цадахъаб сурат.

# ГIали нахъ вуссана меседил медалгун



**13-18 октябралда Ростов областалъул Шахты шагьаралда тIобитIана гIолилазда гьоркьоб Россиялъул тхэквандоялъул чемпионат. Къецазда гIахьаллъана Россиялъул регионаздаса гьеб тайпаялъул спорт бокьулел ва куцулел гIемерал спортсменал.**

Гьеб тIобитIулеб къецазулъ гьединго гIахьаллъана Хьаргаби росулъа ГIали ГIалиевги. Гьев цеве вахъана 58 кг. цIайиялда. Жиндирго цIайиялда дандеязда тIад ракI чIарал бергьенлъабиги росун гьев къецазул чемпион вахъана ва мустахIикълъана меседил медалалъе.

Араб 2019 соналдаги ГIали гIахьаллъана ва мустахIикълъун вукIана чемпионасул меседил медалалъе, гьеб букIана Россиялъул къецал юниоразда гьоркьоб.

ГIалица гьединго гIахьаллъи гьабуна Казаналда тIобитIараб чIахIиязда гьоркьоб Россиялъул чемпионаталда. Гьенив ГIалица босана 3 бакI.

Къуват ва сахлъи кьеги ГIалие жеги чIахIиял къецазулъги гIахьаллъун, бергьенлъабазул хIасилалги росун нилъ рохизаризе.

**Сураталда :**
- ГI. ГIалиев чемпионасул медалгун.

# БукIинесеб бугев гугарухъан




**ГьитIинал цIайиязда хIасилал кинал рукIине ругел цереккун гIага – шагарго лъалел рукIаниги, исанасеб 2020 соналъул Россиялъул чемпионаталъул кIудияб рагьилъун ккана I25 кг. цIайиялда цеве вахъарав Шамиль Шарипов.**

СМИязда киса-кибего хъвалеб буго кIудияб шаклъи бугеб кканин гьев гIолиласул финалияб цеве вахъин.Нилъер районалъул Хъвартихьуниб росулъа Шамиль Шариповасул махщел камилаб цеве вахъиналъул специалистаз лъикIаб къимат кьун буго. Полуфиналда Шамиль дандчIвана гьеб цIайиялъул лидер, Европаялъул чемпион Анзор Хизриевгун. Шамиликьа гьев къвана. Финаладда Шамиль дандчIвана Осетиялъул цоги хIалбихьи бугев спортсменгун. ДандчIвай унеб букIана хIалуцараб ахIвал-хIалалда. Шамилица кинабго яхIги-хIалги кьулеб букIана Дагъистаналъул бергьенлъаби роси жеги щула гьабизе.Риччуларел балалги дандеясеги кьун ,Шамиль рехизавуна гIарцулаб медалалде.БахIс ва дагIбаде сверун букIана гугариялдаса хадуб къецазул судьябазулги,Осетиялъул ва Дагъистаниялъул тренеразулги.Дагъистанияз цере раккизе течIого росарал медалал рекIее гIун ратиларо осетиялъулазда. Араб соналъ Шамиль вукIана лъабабилев,гьаб соналда кIиабилев,тIасияб Россиялъул чемпион вахъине къуват ва сахлъи кьеги Шамилие.

Гьев гьанже жиндирго ваккаб цIайиялъул лидерлъун риккине бегьула ян хъвалеб буго гугариялъул специалистаз ва прессаялъ.

Баркула Ш. Шариповасда кIиабилеб бакI щвей, районалъул спорт бокьулезул хьул буго, мун чемпион вахъиналда.

**Сураталда :** - Ш. Шарипов.



*Нилъер тарих*

# ШАМИЛИЛ АХИРИСЕБ ЩУЛАЛЪИЯЛЪУЛ КОМЕНДАНТ



**I859 соналъул июналда имам Шамилица Дагъистаналъул киналго наибзаби, гIалимзаби ва рагIи билъарал чагIи Хунзахъе мажлисалде ахIун руго. Данделъи тIобитIун буго Гиничукь росдад нахъехун бугеб майданлъиялда. Живго Шамил рештIун вуго, доб мехалъ Аваристаналъул наиблъун вукIарав, Инквачиласул Дибирасул дова..**

Шамилилги Дибирасулги гъудуллъи ккола жеги Дагъистаналда жигьад байбихьилелдего, умумузул гьоболлъиялъул кьучIалда. Цо нухалъ гIолохъанав Шамилгун Хунзахъе щварав Денгал МухIамад, кидаго гIадин, Дибирасул инсул бакIалда, Гиничукь рештIуна. ГIолохъан чи Шамилги гьитIинав Дибирги цоцазул рекIелъ росула.

Доб заманалъ Гиничукь хунздерил ханзабазул кIалгIаялъул хъаравуллъиялъул бишунго гIагардисеб щулалъилъун букIуна. Инквачилазул тухумалъин абуни кидаго гьеб хъаравуллъиялъул хъулухъалъе бетIерлъи гьабулаан ва ракIбацIцIадго гьеб иш тIубазабулеб букIиналъ кIудияб хIурматалдаги букIунаан.

Ханзабазул божарав чи вукIаниги, Дибирасул эмен нахъе кIанцIун чIечIо имам ГъазимухIамадица байбихьараб къеркьеялдаса, ГьоцIалъа ХIамзатил имамлъиялъул соназин абуни гьев вукIана гьесул бищун аскIосел чагIаздасан цоявлъун.

Цо нухалъ Бахубикаца балъго нахъекъай лъаларев анкьго рагъухъан витIула ГьоцIалъе ХIамзатбег, чIвазе буюрухъги кьун. Амма дора гьезухъ ралагьун рукIуна ва муридзабаз гьел цо параялда жанир рухьун гIодор тIамула. Анкьасего чIвазе къотIула. Гьел чIвазе тункIалги ритIизарун чIарал муридзабазул бетIерлъуда вукIуна живго ХIамзатбегги. Кьвагьи бахъине цо лахIзат хутIараб мехалъ анкьасдаго гьоркьов бищун гIолохъанасда ракI гурхIарав Инквачилас имамасда гьарула гьев жиндие рагьтIателлъун кьейилан. ХIамзатбегица къабул гьабула гьесул гьари ва гIолохъанчиги жиндирго цIияв хважаинасда хаду-хадув Гиничукье унеб нухде лъугьуна.

Росулъе щвелалде Инквачилас гьесда бицуна жиндица ракI гурхIиялъ тархъан гьавурав чи гьев вукIин ва рекIине чуги кьун дурго нухда айилан витIула. Хадув Инквачиласул васасе щвана гьев кIахъиясул кумек...

ЛъикIаб гIелму –лъай щварав Дибир кIудияв гIедал имам Шамилица жиндирго аскIосев чилъун гьавула. Хъаравуллъиялъулаб хъулухъалъул

хIалбихьи щварав гьев, диваналда гIахьаллъизе ихтиярги кьун, имамас жиндирго тахшагьар Даргъоялъул хъаравуллъиялъул бетIерлъун тIамула.

Хеккого Дибир Шамилица живго цIунулел къукъабаздасан цоялъул бетIерлъуде тIамула. I852 соналъ, хунздерил ПатагIалихан хведалин абуни, гьев тIамуна Аваристаналъул наиблъун.

Доб нилъеца бицен байбихьараб мажлисалда Шамилица киналго гьенир рукIанщинал жиндиеги ВатIаналъул эркенлъиялъе гIоло гьабулеб гъазаваталъеги ритIухъал ругин абун гьа базе тIамула. Киназго гьа бала, амма имамасда бичIчIун букIана къуват лъугIулеб букIинги халкъ свакан букIинги. Шамил разилъуларо цо – цоязул гьаялда, хасго Илисуялъул Даниял – СултIанил. Имамас гьев ахIула Дибирасул рокъове ва Инквачиласул Дибирги, ЧIохъа ХIажи – ГIалиги, КъебедмухIамадги нугIзаллъунги гьарун кIиабизеги (хадуб гьересияблъун батараб) гьа базе тIамула.

Гьеб къоялъ Шамилица Инквачиласул Дибир тIамула Гъуниб щулалъиялъул комендантлъун ва хъизаналги рачун гьениве жиндир вас МухIамад – ШапигIие хIалае аян витIула.

Имаматалъе хасго хIинкъи цIикIкIарал гьел къоял бищунго захIматал рукIана Дибирасул гIумруялъулъ. Гъуниб магIарлда гьевгун рукIуна жиндиргоги имгIаласулги хъизанал. Гьез дурусго тIубалеб букIанила, жидеда тIад къараб щулалъиялъул бутIа цIуниялъул хъулухъ. ИчIго сон барай дир кIодоэбелалъги чIахIиязда цадахъ гьабун буго гьениб хъаравуллъи. Гьелъ гIемер бицунаан дол зхIматал къоязул лъугьа – бахъиназул. Гьелда ракIалда бугоан эмен асир гьавиги, гьев хъизан – лъималазулгун къо лъикI гьабизе вачун вачIинги ва хадув гьев Шураве цеве къотIун инги ва жалго, солдаталги хадур тIамун, Гиничукье ритIиги. Гьезул кIудияб мина чIваднազде сверун батун, гьел гIагарлъиялъул бакIалда хIебтIула.

Шамил кверде вачIаян гIурусазул вакилзаби рачIараб мехалъ, комендант хIисабалда, Шамилица Дибир витIула гьезда дандчIвазе. ГIурус вакилзабазда гьоркьов вугев Къарахъа МухIамад – ТIагьирин абуни Гъуниса къватIиве гъеян буюрула гьесде имамас. Гьелъие гIоло МухIамад – ТIагьирил ццин букIуна Дибирасде.

КIиабилеб къоялъ Барятинскияс тIалаб гьавула живго Шамил гара – чIвариялде вачIин. Амма Шамилица ХIотIочIиве Инквачиласул Дибирги жиндирго рекIелав, хасал тIадкъаязул чапар ЧIикIаса Юнусги ритIула. Лазаревасул гъапуялда Дибирасда дандчIвала лъимерлъиялъул гьудул ва цевегоялдаса нахъе тушманлъун лъугьарав жиндирго вацгIал ва чIужуялъул вац ГIалихан ХIусенов. Гьев вукIана Апшерон полкалъул полковник. КIиясдаго гьоркьоб лъикIаб гьечIеб хабар ккола., полковникас Дибирасда гIурусазул рахъалде вачIаян аби сабаблъун.

ГIурусазул тIалаб муридзабаз къабул гьабуларо ва гьез чIезарилин абурал шартIал божизе бегьулареллъун рикIкIуна.

Гьедин лъазабула вакилзабаз тIад руссингун Шамилидаги. Имамасухъа Дибир уна Гъуниб мегIералъул цо бутIа цIунизе ва гьенив кодоб хвалченгун имам кверде араб лахIзаталъ Дагъистаналъул милициялъ асирги гьавула. Цо нухалъ бищунго рахIму гьечIел пачаясул пристав Прецлавскиясул зулмуялда гъоркь Калугаялъул ссилкаялда вукIаго, «пачаясул рахIмуялъул» иргадулаб къурбан – жиндирго гIагарлъиялъул цояв – вукъулелъул Шамилица ракI – ракIалъго абунила ГъунимагIарда Инквачиласул Дибирасухъги гIенеккун хвезегIан вагъизе кколаанин живан.

Асирлъуде ккарав Дибир вукIуна Шурав туснахъалъув ва къватIиве виччан вуго, ГъаракIуниса НурмухIамадил МухIамадхIажиясул бицадухъе, живго князь Орбелианил буюрухъалда рекъон. Амма мал – мулкалдаса гьев тIуванго махIрумлъула.

ГIурусаз Аваристаналъул ханлъун тарав Мехтулиялдаса Ибрагьимхан Хунзахъе вачIиндал, халкъ букIуна гьесда дандчIвазе бекьечIдерил хIорихъе бакIарун. Гьенивго вукIуна гIадатго ретIарав Инквачиласул Дибирги. Гьесда лъалароанила дов жиндир инсуца тархъан гьавурав ва гIурусазухъе лъутун хвасарлъарав гIолохъанчи гьебсагIат жив валагьулев вукIин. Полковникасул чиналде вахарав дов кIахъияв Ибрагьимханасул чукъбузда гьоркьов вукIуна. Гьес Дибир валагьула. Полковникас ханасда Дибир кьураб рагIул чи вугин абула. Хеккого Ибрагьимханас гьесие сайгъаталъе ретIел – хьитги, чу – ярагъги кьола ва гIурусазул наиблъун вачIаян гьарула.

Гьеб гьари Дибирас гьебсагIат къабул гьабуларо. Амма къабул гьабун хадуб 25 соналъ халкъалъги хIукуматалъги хIурмат гьабуледухъ тIубала гьес наибасул хъулухъ.

Киса – кивего Шамилгун цадахъ вукIунев Аргъваниса Абакардибирас Инквачиласул Дибирасул рахъалъ абулаан гьев хIинкъи – къай лъаларев, рагъуе гьунар бугев наибги, кIудияв гIалимчиги, имаматалъул хIукуматалда бищунго гIакъилаздасан цоявги вукIанилан. Шамилица дибирие кьураб орденалдаги гьесул рахъалъ хъван буго гъалбацIил гIамал – тIабигIат бугеван. ГIурусазги гьесие килас – медалал кьолаан гьелго хасиятазе гIоло.

«Къокъаб гъазават» байбихьараб I877 соналъ Дибир вукIуна Аваристаналъул наиблъун Хунзахъ. Гьеб багъа – бачариялъул церехъабазул вакилзаби аскIоре рачIиндал гьес абула гьеб пишаялъ халкъги цIадабе гьолин, къуват цIикIкIараб Россиялде данде рагъги гIададисеб жо бугин. Гьес рикIкIунаанила магIарулал рагъаризари, гIурусакьа живго къолеб мехалъ цо бутIа гIурус армиялъул Дагъистаналдехун рехи мурадалда вугев, Турциялъул султIанасул иш бугилан. Дибирас хIаракат бахъана магIарулазул церехъаби гьеб рагъдаса инкар гьабизе тIамизе, амма бажаричIо. Гьесда кIвана гIицIго жиндирго округалъул магIарулал гьеб ишалъулъ гIахьалъичIого чIезаризе, гуребани гьелги рукIинаан Сибиралда ва гьезулги рухIилаан росаби.

I886 соналда гIурусаз гьабураб гинчдерил хъизаназул сияхIалда хъван буго, пачалихъияб хъулухъалда вугев, гваридиялъул штаб – ротмистр Инквачиласул Дибирасул гIумруялъул 70 сон бугин. Гьебго соналъ гьев витIун вуго хIалхьиялде ва кватIичIого хIеж борхизе унел магIарулазул кIудияб къукъаялъул бетIерлъуда СагIудиязул гIарабиялдеги ун вуго. Гьесда цадахъ йикIун йиго, Мадинаялда вукъарав, жиндирго рос, Гинчукьа ХIайдарбегил хабатIе зияраталъ щвезе хьулгун къватIие яхъарай, жиндирго ясги. ГьабсагIат хунзахъ районалъул Гъонохъ росулъ гIумру гьабулей йиго гьей бахIарчияй магIарулалъул ХъандулайхIажияв абураб цIар лъурай гIадан.

Инквачиласул ДибирхIажияв вукъун вуго жиндирго гIагараб Гиничукь росулъ. Гьесул бахIарчилъиялъул ва гIаданлъиялъул цIар ирсалъе щварал росуцояз тIоцеве гьев вукъун вуго цIиял хабалалъ. Гьесулалда аскIорго руго гьесул чIужуялъулги, цо – цо гIагарал чагIазулги ва батIи – батIиял бакIаздаса гьесда аскIор рукъеян васият гьабурал цо – цо магIарулазулги хобал.

30 абилел сонազде щвезегIан ДибирхIажиясул хабатIе зияраталъ рачIунаан магIарулал ва гьез биччан гьаракьгун ахIулаан гьениб (дугIа – алхIамалдаса хадуб) Шамил имамасул аскIосел чагIазул бищунго машгьураздасан цояв, Инквачил Дибир хведал БакьагьечIиса ЧIанкIаца гьабураб магIу.

**Расул МухIамадов**

*(Хадусеб букIине буго)*

Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихъан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
Заказ № ________. Тираж 1000 экз.

Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.
Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола авторaз.
Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.
*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихьаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес

Индекс 51350.
Цена свободная.

Подписано в печать 22 октября 2020 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00